bayramı», «Coldat antı», «Erkinlik samalı» и др. В 1980 - е годы развитие хорового искусства связано с творчеством композитора и хормейстера К. Заретдинова. В 1989 году в государственном театре им. Бердаха открывается профессиональный хоровой коллектив. В 1990 году руководит хором А.Толепова, в 1995 году руководит хором Г. Ембергенова. Выступают с концертами с разнообразной программой: «Erkinlik hawazı» (А.Халимова), «Kewil tolǵanısı» (З.Лепесов), «Aral muńı» (К.Заретдинова), «Tesnif» (Азербайжанская народная песня), «Komuzchu» (Киргизская народная песня), «Kózlerim» (Каракалпакская народная песня обработка для хора В. Нечаева) и др. В 1993 году хор театра им. Бердаха записывает Государственный гимн Республики Каракалпакстана.

**Литература**

1. Н. Н. Бодишевская «История зарубежного хорового искусства» Могилев 2012 стр.4, 9.
2. «Энциклопедический словарь юного музыканта» Москва «Педагогика» 1985 стр. 335,336.
3. G. Mansurova “Xorshunoslik va xor jamoalari bilan ishlash uslubiyati”. Toshkent “Yangi nashr” 2008-yil 6,7 b.
4. В. С. Кукушкина «Музыка и образование» Ростов на Дону издательский центр «Март» 2002. Стр.93.
5. П.Палўаниязов «История музыкальной культуры Каракалпакстана» (1925-1950 гг) Автореферат Нукус 2003 7, 9 б.
6. Ҳ.Йўлдашева «Узбекистонда мусиқа тарбияси ва таълимнинг ривожланиши» «Уқитувчи» 1985 й. 11,12 б.
7. Г.М.Шарипова «Мусиқа уқитиш методикаси» Тошкент 2003-жыл 33 б.
8. Ziyouz.com htts://n.ziyouz.com
9. Wikipedia htts://uz.m.wikipedia.org

**REZYUME**. Xor musiqasining tarixiy rivojlanish yo‘llari tahlil qilindi. Qadim zamonlarda ham musiqa insonning axloqiy dunyosiga ta’sir ko‘rsatib, yosh fuqarolarning xarakterini tarbiyalash va hatto tuzatishga qodir ekanligiga ishonishgan, hisoblashgan. Har bir xalqning xalq qo‘shiqlari, xalq og‘zaki ijodi xor musiqasinig manbalaridan biridir.

**РЕЗЮМЕ.** Проанализировали исторические пути развития хоровой музыки. Еще в древние времена считалось, что музыка, воздействуя на нравственный мир человека, способна воспитывать и даже исправлять характер молодых граждан. Народные песни и фольклор каждого народа, являются одним из источником хоровой музыки.

**SUMMARY.** Analyzed the historical paths of development of choral music. Even in ancient times, influencing the moral world of a person, was capable of educating and even correcting the character of young citizens. Folk songs and folklore of every nation are one of the sources of choral music.

UDK.117; 1219 (2023)

## BELGILI KOMPOZITORLARDÍŃ FORTEPIANO JANRÍNDAǴÍ SHÍǴARMALARÍNÍŃ ÓZGESHELIKLERI HÁM STILI

**D.Ermanova –** *assistent oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik kórkem óner hám mádeniyat institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** musiqa, fortepiano, madaniyat, san’at, musiqa asari, pedagogik nazariya, badiiy obraz.

**Ключевые слова**: музыка, фортепиано, культура, искусство, музыкальное произведение, педагогическая теория, художественный образ.

**Key words**: music, piano, culture, art, musical work, pedagogical theory, art image.

Muzıkanı tıńlaw hám kópseslik muzıka tekstiniń arxitektonikasın ózlestiriw. Muzıka janrı bolǵan tokkatanıń tariyxı júdá qızıqlı hám itibarǵa ılayıq bolıp tabıladı. Aldın ala «tokkata» sóziniń mánisi de ózine salıstırǵanda qızıǵıwshılıq oyatadı: ol neni ańlatadı? degen soraw tuwıladı. Usı janrdıń ayırım táriyiplerine, bárinen burın muzıkalıq enciklopediyaǵa qaraymız: «Tokkata (italyansha «toccata» sózi leksikologiyalıq tárepten – «tiyiw», «soqqı

beriw» mánisin ańlatıp, «toccare» - tiyiw, uslaw feyilinen alınǵan) - tiykarınan klavishli saz-ásbaplarǵa mólsherlengen virtuoz muzıkalıq piyesa». [1.215]

Ingliz muzıka teoretigi, kompozitor hám pedagog Ebenezer Praut tokkatanı tómendegishe xarakteristikalaǵan: «Tokkatanıń ataması italyansha «toccare» feyilinen alınǵan bolıp, «soqqı beriw», yaǵnıy «klavishli saz ásbapta shertiw» mánisin ańlatadı». Rossiyalıq muzıka tariyxshısı, teoretik Igor Sposobin tokkatanı eń zárúrli polifoniyalıq sırtqı kórinisler qatarında kórgen: «Dáslep tokkata dep, erkin prelyudiyanı kóriwshi, xarakter tárepinen oǵada tań qalarlıq saz ásbapta piyesaların ataǵan. Keyininen az-azdan tokkatanıń tiykarǵı, keyin bolsa hár qıylı mayda sozımlıqlarda aytılıwshı, ádettegi (biraq májbúriy bolmaǵan) fugalasqan úzindiler qosılǵan motorlı xarakterdegi birden-bir qatlamı anıqlandı. Keshlew jaratılǵan (XIX-XX ásirler) tokkatalar kóbinese gomofoniyalıq kóriniste».

Tokkatanıń túbirleri «Oyanıw» dáwirine barıp taqaladı. Sol waqıtlarda demli saz ásbaplar hám litavralar ushın jaratılǵan bayramǵa say fanfarlardi «tokkata» dep ataǵan. XVII ásirge shekem tokkata ámeliy funkciyasın ótewshi opera hám baletlerdiń fanfar kirisiwi retinde qollanılatuǵın edi. Usınıń menen bir qatarda, E.Praut parıqlaǵanınday «On jetinshi ásirde bul sóz prelyudiyanı ańlatıw ushın qollanılatuǵın edi, Mixail Pretorius táriypi boyınsha (Syntagma Musicum) onı «organshı fuganı baslawdan aldın tek bólek akkordlar hám bezewlerden (Colorature) paydalanǵan halda ekspromt (improvizaciya) etip atqaratuǵın edi» - dep atap ótken. XVIII ásirde tokkata áyyemgi sheber kompozitorlar dóretiwshiliginde óz betinshe koncert janrına aylandı. Áyyemgi klavir tokkatası finaldaǵı úlken fugalı prelyudiyalıq hám fugalanǵan bólimlerdiń kóp mártebe (kóbinese bes márte) qarama-qarsı qoyılıwına tiykarlanǵan. Olar ulıwma kóriniste «kontrast - strukturalı forma»sın kórinetuǵın bolǵan (V.Protopopov termini). Sol sıyaqlı klavir tokkataların J. Freskobaldi, Gotlib Muffat, Georg Muffat, B.Paskualini, I.K.Kerl, S.Sheydt, F.K.Murshxauer, D.Bukstexude, M.Rossi, I.Froberger sıyaqlı klassicizm dáwiriniń basqa janrlarda da kóplegen islep, usınday klavir ushın muzıka jazǵan dóretiwshileri jaratılǵan. [2.90-91] Áyyemgi tokkatanıń rawajlanıw shıńı óziniń tariyxıy tendenciyaları ulıwmalasıwı menen usınday I.S.Bax dóretiwshiliginde tolıq kórsetedi. Onıń klavir tokkataları formasınıń kórinisi, mazmunınıń áhmiyetliligi hám tereńligi, quramalı manual texnikaǵa iye ekenligi i menen ajıralıp turadı. I.S.Bax ulıwma esapta segiz klavir tokkatasın dóretken bolıp, olardan biri e-moll klavir partiturasına kirgizgen. «Bax» usılındaǵı tokkatalar óziniń ekspromtlılıq pátiniń kóp mártebe almasıwı, teması, materialınıń baylıǵı, polifoniyalıq hám gomofonik-garmoniyalıq usıllardıń proporcionallıǵı menen ajıralıp turadı. Onıń jeti óz betinshe klavir tokkatalarınıń hárbiri dúzilisi tárepinen ayrıqsha, individual ayrıqsha, usınıń menen birge hárbir tokkata fuga menen juwmaqlanadı. Bax usılındaǵı tokkatalar janr negizleriniń tań qalarlıq túrlishe, qosıq hám ayaq-oyın formalarınıń ráńbá-ráńligi menen ajıralıp turadı. Olar kópsesli, biraq sesler muǵdarı bólingende muzıkalıq materialınıń tıǵızlıǵı hám boslıǵı, tolqın sıyaqlı dinamikalıq rawajlanıw, keriliwdiń kulminaciyalıq kóteriliwi hám túsiwine uyqas túrde kóbinese ózgeredi hám xarakteristikalanadı.

Áyyemgi ayaq oyını sıyaqlı syuita hám sonatalar qatarında dóretilgen I.S.Bax tokkataları sol waqıttaǵı kompoziciyasınıń ayrıqshalıǵı menen xarakteristikalanadı, olarda tokkatalıq tiykarında polifoniyalıq, gomofonik-garmoniyalıq usılında kórinetuǵın boladı. Tokkata óziniń zamanagóy strukturası hám formasına XVIII-XIX ásirler dawamında iye boldı. Bul fortepiano saz ásbabınıń óz áwladları - klavesin hám klavikordtı kem-kemnen shetletip, dúbeleydey rawajlanıwı hám ózlestiriliwi nátiyjesinde, sonıń menen birge, joqarı virtuoz dárejege jetisken koncert-atqarıwshılıq ámeliyatınıń keń tarqalıwı hám rawajlanıwı sebep júz berdi. Atap aytqanda, M.Klementi, K.Cherni, R.Shuman tokkataları sol gáp qatarına kiredi. [3.281]

Bul baǵdarda belgili R.Shumannıń op. №7 dep nomerlengen «Tokkata»sı ásirese itibarlı bolıp tabıladı. Ol tek ǵana keyingi áwlad kompozitorları ushın jarqın úlgili hám ibratlı bolıp qalmastan, bálkim elege shekem usı janr etalonı bolıp qalmaqta. XIX ásirdiń koncert atqarıwshılıǵı ushın mólsherlengen kóplegen tokkatalar pianistler ushın tiykarı boldı. Pedagogikalıq ámeliyatta etyudlar menen bir qatarda olar atqarıwshı texnikanıń hár qıylı kórinislerin ózlestiriwinde, virtuozlılıq hám uqıpqa jetiwinde biybaha áhmiyetke iye boldı. XX ásirdiń birinshi tokkatası 1901-jılında K. Debyussi tárepinen dóretilgen. Sonnan keyin D.Yenesku (1903), S.Prokofev (1912), A.Onegger (1916), M.Ravel (1927), F.Buzoni (1921), J.Iber (1921), Z.Vanchilar (1929) da óz tokkataların dóretti. XX ásirdiń birinshi on jıllıǵında dóretilgen fortepiano tokkatalarınıń

tolıq bolmaǵan bul dizimine Moskva konservatoriyası studenti, ataqlı pedagog hám kompozitor N.Myaskovskiydiń shákirti A.Xachaturyan tárepinen dóretilgen tokkatada qosıladı.

Bunday ájayıp shıǵarmanıń avtorı sol waqıtta ele konservatoriya studenti edi, ol oqıwdı pitkeriwine ele eki jıl bar edi, sonday bolsa da, ol sensaciyalıq dóretiwshilik jemisin dóretken edi. Sonısı ájayıp, barlıq tokkatalar ishinde eń saylandısı esaplanǵan A. Xachaturyan shıǵarması - Shumannıń júz jıllıǵına atap dóretilgen bolıp shıqtı. Tolıq ayrıqsha, jarqın milliylik penen bayıtılǵan bul dóretpe aldın dóretilgen tokkatalardan ayrıqsha bolıp esaplanıwı, shıǵıs xalıq saz ásbapları shıńǵırıǵın ájayıp tárizde uqsatıwı, fortepiano texnikası hám fakturasınıń novatorlıq usıllarınan sheberlik penen paydalanıwı, formasınıń oǵada erkinligi menen itibardı tartadı. A.Xachaturyan «Tokkata»sı keleshek áwlad kompozitorları ushın da usı janrda shıǵarmalar jaratıw boyınsha ayrıqsha ibrat bolıp qaldı. Sonıń menen birge, A.Xachaturyannıń «Balalar albomı»na (1967) kiritilgen tokkata da belgili. XX ásir fortepiano ádebiyatında tokkatalıq bayannıń hár qıylı kórinisleri keń tarqaldı. Zamanagóy kompozitorlardıń tokkatalarında xalıq muzıkalıq tiliniń qırları, atap aytqanda oyın usılları tez-tez ushırasıp turadı. Tokkata janrınıń motorlı-plastik tábiyatı muzıkasınıń dinamikalıq tábiyatı arqalı belgilenedi. [4.154-156]

Kórkem teksttiń waqıt boyınsha dinamikalıq tárizde rawajlanıwı sebep, tokkata muzıkası hárekettiń reńbá-rań kórinislerin modellestiriwge ılayıq boladı. Háreket sheńberi óziniń sheksiz ráńbe-reń túrleri menen sap muzıkanıń mayısqaq múmkinshilikleri «janr arqalı ulıwmalasıw»ı ushın (A. Alshvang termini) jetkilikli dárejede tiykarın kórsetedi. Tokkata basqa motorlı-plastik, atap aytqanda sintezlesken janrlar qırları menen tutasqan halda, muzıkanıń jaqtı, ulıwmalasqan obrazın ózinde jıynaydı: bul etyudtıń virtuozlılıǵı, prelyudiyanıń ekspromtlılıǵı, dinamikalıq intiliwsheńligi menen maslasıwı bolıp tabıladı. Janr toparınıń hár qıylı kórkem múmkinshiliklerin ózinde jıynaǵan - tokkatanıń bul oraylıq halatı arqalı evolyuciyalıq, yaǵnıy evolyuciyanıń úlken tariyxıy kólemi, usınıń menen birge jetik turaqlılıǵına anıqlama beredi.

Motorlı-plastik tiykar óz ara keri qoyılǵan kontrast bólimlerde kórsetilgen barokko dáwirindegi áyyemgi tokkatadan ayrıqsha bolıp esaplanıw, XIX-XX ásirler tokkatası pútinlikke hám usı janrǵa tán bolǵan aktiv rawajlanıwshı anaǵurlım specifikalıq qırlarǵa iye boldı. Bulardıń barlıǵı - mikrodiskretlilik, yaǵnıy bir qatar tez, biraq anıq parıqlanıwshı belgiler sezimi hám maqset tárepke umtılıwshańlıqtı ózinde muwapıqlastırǵan háreket xarakteri bolıp tabıladı. Usı ayrıqshalıq klavir kórkem óneri tarawında engizilgen janr genezisi menen anıqlama beredi. Keyinirek ol bir qatar atqarıw usılları arqalı rawajlandı: bul shınıǵıw texnikası, qattı dissonans garmoniya hám shanshılıwshı soqqı berip urıwlar sezimin beretuǵın ótkirlesken mikrodiskretliliktegi bólek keskin akkordlardıń «staccato» hám «martellato»sı bolıp tabıladı. [5.81]

Tokkatanıń specifik motorlılıǵı eger biraz ázzilesede, biraq pútkil piyesa dawamında tiykarınan ústinlik etiwshi birden-bir teması, materialdıń qatańlıq penen sińdiriliwine baylanıslı. Bul tiykarda janrdıń plastik belgisin quraytuǵın fakturalıq-figuraciyalıq hám hátte fakturalıq-ritmikalıq tematikalıq ústinlik etedi (M.Klementi, K.Cherni, R. Shuman, M.Ravel, S.Prokofnev, A.Xachaturyan tokkataları). Tokkatadaǵı háreket ulıwma formalarınıń belgili túsinigi boyınsha shın mánistegi mazmun ústemlik etedi: kompozitorlar - tıńlawshı ser salıwın áyne háreketlenip atırǵan zattan shalǵıtıwǵa beyim bolǵan háreket obrazına qaratıwǵa umtıladı. Qalaberse, tokkata ushın metroritmniń kóp dárejeli úzliksizliligin, sonıń menen birge, janrdıń tariyxıy uzaq bolǵan obrazların óz ara baylanıstırıw fakturanıń imitaciyalıq emes polifoniyalılıǵın jaratıwshı háreket kúshi zárúrli bolıp tabıladı. Aqır-aqıbette, kúshli háreket obrazın jaratıwshı hám óz stixiyası menen jawlap alıwshı bul-dinamizm bolıp tabıladı. Buǵan óziniń kútilmegenligi menen háreketke jańa impulslar beretuǵın bir ırǵaqlılıqtıń aynıwı sebep bolıp tabıladı: ráńbá-rán sinkopalar (Shuman), metrik ózgeriwshenlik (Petrassi, Santoro, Landa), kúshli úleslerdiń ıdırawı (Xachaturyan). Sonıń menen birge, buǵan Bax dáwirinen tap XXI ásir kompozitorları dóretiwshiligine shekem bolǵan waqıt dawamında ózgerip ketken garmoniya da óziniń linear negizindegi ózine isenimli novatorlıq tabılmaları menen ózine tartqan. [6.52] Tokkataǵa tán bolǵan muzıkalıq sırtqı kórinisler óziniń dinamikalıq baǵdarlawshlıǵı menen sıpatlanǵan. Usı janr ushın triollı quramalı úsh bólekli forma ulıwma tán emes; bul onı skerco hám aralas motorlı ayaq oyınǵa say janrlarınan keskin parıqlaydı. Tokkata ushın kem-kemnen aktiv rawajlanıw menen baylanıslı bolǵan erkin sırtqı kórinisler bir qansha tábiyıy kórinedi. Áyyemgi tokkatada oǵan kóplegen

qarama-qarsılıqlar, salıstırıwlar arqalı erisilgen, zamanagóy tokkata ushın bolsa erkin aytılǵan sonata eń nátiyjelisi bolıp qaldı: onıń ájayıp úlgilerin Ravel, Prokofevtan, onnan aldınlaw bolsa Shuman «Tokkata»sınan tabamız, bul dóretpe tereń «janr sezimi» jáne onıń original sheshimi menen klassikalıq etalon bolıp xızmet etiwi múmkin. Olar bolsa mazmunı ráńberáń hám hár tárepleme bolıp, waqıttıń kúshli háreketin sáwlelendiredi. Ózbek tokkatası jaqtı milliy ayrıqshalıǵı, ózbek milliy saz ásbapları atqarıw usılların fortepianoda uqsatıwları menen ajıralıp turadı. Ózbek fortepiano tokkatasınıń eski úlgilerin X.Izomov, G.Mushel, B.Gienko, S.Jalil dóretken bolsa, zamanagóy tokkatalardı D.Saydaminova, D.Amonullaeva, V.Saparovlar dóretti. Olardıń dástúrlerinen O.Abdullaeva, D.Zokirova, Sh.Norxojaeva hám basqa jas kompozitorlardıń tokkataların dawam ettirip, rawajlandırmaqta. Ózbek fortepiano tokkataları óziniń qıyınshılıq dárejesi menen hár túrli bolıp tabıladı, olar atqarıwshıǵa kórkem tárepten bay hám qızıqlı materialdı usınıs etedi. Ózbek fortepiano tokkataları milliy hám ulıwma dúnya muzıka mádeniyatınıń ajıralmas bir bólegi bolıp tabıladı. Atqarıw baǵdarlamasına polifoniyalıq shıǵarmalar (kanonlar, prelyudiya hám fugalar, invenciyalar, syuitadan ayırım bólimler). Studentke evropa, rus hám ózbek kompozitorlarınıń fortepiano ushın polifoniyalıq janrda jaratılǵan shıǵarmalari haqqında tolıq sıpatlama beriw. Usınıń menen birge tanımalı pianistlar atqarılıwın esitiw. [7.93-95]

Bólekler boyınsha islewde heshqashan oqıwshılar aldına sap ónermentlik wazıypalardı (shtrixlar, ritmika, applikatura hám taǵı basqalardı) qoymaslıǵı kerek. Tásirsheńlik quralları hám usılların izlew bolsa mudamı kórkem obrazdıń eń jaqsı analizin izlew menen qosıp alıp barılmaqta hám dóretpe mazmunınıń sesler uyǵınlıǵı, túsinikliligi hám de emocional tolıqlıǵı wazıypaları menen belgileniwi kerek. Dóretpe bólekler boyınsha úyrenilgennen soń, pútin atqarıwshılıqtı jaratıw, onı sońǵı pátke jetkeriw procesi baslanadı. Haqıyqıy pátke jaqınlasqanda formanı rawajlandırıwdıń hám anıqlaw máseleleri úlken áhmiyetke iye boladı. Muzıka waqıt aralıǵında atqarılatuǵın kórkem óner ekenligi sebepli oqıwshınıń dıqqatı bólimlerdiń pát hám dinamikalıq tárepten muwapıqlıǵına, eń joqarı belgilerdiń orınlanıwına, pátten iyiwlerge hám aldıńǵı qálpine qaytıwlarına, pauzalardıń anıq atqarılıwı hám taǵı basqalarǵa qaratılıwı kerek. Student shıǵarmanı atqarıw rejesin ayqın oy-pikirde sáwlelendiriwi, onı atqarıwshılıqtıń qanday da ıqsham «kompleksi»ne iye bolıwı, sóz dizbekleriniń, gápler hám bólimlerdiń dúzilisin sanalı túrde seze alıwı, bólek bólimlerdegi, sonıń menen birge, pútkil shıǵarmadaǵı sesler uyǵınlıǵı belgilerin, háwijlerdi ishten esite biliwi kerek. Mine sol proceste oqıwshı óz atqarıwshılıǵın mudamı esitiwi jáne onı bahalaw qábileti úlken rol oynaydı. Bunda student shertiwdi kelistire almay atırǵanlıǵına anıqlama berip qalmastan, óz kemshilikleriniń sebeplerin hám olardı saplastırıw jolların da biliwi zárúrli bolıp tabıladı. Onıń ushın ol muzıkanıń qıyın bólimleri ústinde bólek isley alıwı hám óz aldına mudamı jańa wazıypalardı qoyıp barıwı kerek. Áyne nátiyjede geyde ayırım qol menen, geyde sesler boyınsha islew, qıyın jerlerin ajıratıw, atqarıwshılıqtıń geyde ses tárepine hám geyde ritmikalıq dúzilisine itibar beriw zárúrshiligi kelip shıǵadı. [8.15-19]

Dóretpe ústinde islewdiń sońǵı basqıshına bólek itibar qaratıw kerek. Yaǵnıy onı úyrenip bolǵannan soń, tikkeley aqıl etiwi názerde tutıladı. Sonıń menen birge, óz esitiwin baqlaw kriteriyası hálsizlense, olardı qanday da «jańarıw yamasa bayıtıw» zárúrshiligi payda boladı. Bunda oqıwshılar aldına atqarıwshılıq boyınsha jańa wazıypalardı qoyıw kerek. Aldın-ala ilgeri úyrenilgen nota tekstin úyrenilmegendey oqıwdı usınıs etiwimiz múmkin. Sonday oqılıwında mudamı shtrixlar, akcentler, nyuanslar, avtor yamasa redaktordıń kórsetpeleri hám ilgeri áhmiyet berilmegen tárepler tabıladı. Sonıń menen birge, salmaqlı pát penen shertiwde paydalı bolıp, bul jumıs esitiw aqılınıń kúsheytiwine, sol sebepli seslerdiń tegis emesligin, ritm kemshiliklerin, qızıqlı shıqpay atırǵan jerlerin anıqlawǵa múmkinshilik jaratadı. Jáne de tereńirek muzıkalıq-teoriyalıq analiz etiwden de paydalanıw múmkin. [9.215] Bul ilaj ilgeri itibardan shette qalǵan ayırım sesler uyǵınlıǵı hám uyqaslıq strukturaları, tásirsheń detallardı anıqlaw imkaniyatın beredi. Atqarıwshı shıǵarmanıń muzıkalıq tiykarı rawajlanıwın ishki esitiw menen gúzetip barsa ǵana dóretpe ústinde pikirlew, notasız hám saz ásbapsız shertiw nátiyjeli boladı. Bunda yadtaǵı úzilisler yaki oqıwshı tárepinen muzıkalıq iskerliginiń áne sol túrin atqara almaslıǵı álbette anıqlanadı.

Shıǵarmanı jazıwdan yamasa koncertte esitiwinde jumısqa jańasha jandasıwdı payda etedi, atqarıwshınıń uqıplı basqarıwshılıǵın hár tárepleme bahalawda, sonıń menen birge, basqalar atqarılıwın óziniń analizi menen salıstırıwda járdem beredi. [10.65]

Studentlerde saxnada ózin tutıw sezimin tárbiyalaw hám kópshilik aldında shertiw zárúriyatın payda etiw júdá áhmiyetli bolıp tabıladı. Oqıwshınıń kópshilik aldında shertiwi oǵada juwapkerli jumıs ekenligin, usınıń menen birge ol koncertte shıǵıwı, úydegi hám klastaǵı barlıq jumıslardıń juwmaǵı ekenligin túsiniwi kerek. Koncertte shıǵıw saltanatlı hám quwanıshlı waqıya retinde ótiwi kerek. Oǵan tayarlıq arnawlı ilajlarda: klasta jámáát bolıp esitiw, zaldaǵı sońǵı shınıǵıwda baǵdarlamanı atqarıwshılıq hám taǵı basqalar arqalı ámelge asırılıwı kerek.

## Ádebiyatlar


1. Djamalova D., Utaeeva N. «Fortepiano álemine dáslepki qádemler», oqıw qollanba. Ǵ.Ǵulam atındaǵı NMIU, Tashkent, 2016.
2. Кисель Е., Натансон Б., Николаев А., Ереженская Н. «Школа игры на фортепиано», Издательство «Музыка», Москва, 1975.
3. Азимов Х. Фортепиано сабақлығы.- Т., «Оқытыўшы», 1997.
4. Штейнпресс Б., Ямпольский И. «Энциклопедический музыкальный словарь», Москва, 1959.
5. Хайитбоева Д. «Нотани қоғоздан ўқиш ва фортепиано ансамбли».- Т, «Ўзбекистон», 2010.
6. Ташпулатова Д. Работа над этюдами Г. Мушеля в фортепианном классе. Т. «Узбекистан». 2011.
7. Dúnya hám Ózbekstan kompozitorlarınıń dóretpeleri. Hár qıylı jıllar baspaları.
8. Хайитбоева Д. «Произведения Гафура Кадирова в классе обшего курса фортепиано». Т. «Узбекистан», 2011.
9. Закирова Ш. «Произведения композиторов Узбекистана для фортепиано».Т. «Узбекистон», 2010.
10. Мушел Г. 24 прелюдии и фуги. М., 1978.



**REZYUME.** Ushbu maqolada har qanday o‘qituvchi uchun zarur bo‘lgan maxsus qobiliyatlar haqida gap boradi, ularsiz tegishli pedagogik va psixologik kompetentsiyani amalga oshirish mumkin emas. Agar musiqa o‘qituvchilar uchun bo‘lsa, musiqiy iste'dod juda muhimdir. Ushbu mahorat to‘plami keng va murakkab bo‘ladi. Musiqiy va pedagogik ijroning farqi shundaki, uning tarkibiy bo‘limlari orasida musiqa o‘qituvchisi faoliyatining umumiy tuzilishida alohida toifa bo‘lgan vizual komponentning mavjudligi.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье рассказывается о специальных способностях также необходимые любому учителю, без них невозможно реализовать соответствующую педагогическую и психологическую компетентность. Если музыка для учителей, музыкальные таланты необходимы. Такой набор навыков будет обширным и сложным. Отличием музыкально-педагогической работоспособности является наличие среди ее структурных разделов изобразительного компонента, который является особой категорией в общей структуре деятельности учителя музыки.

**SUMMARY.** This article tells about the special abilities also necessary for any teacher, without them it is impossible to realize the corresponding pedagogical and psychological competence. If music for teachers, musical talents are necessary. Such a set of skills will be extensive and complex. The difference between musical and pedagogical performance is the presence of a fine component among its structural sections, which is a special category in the overall structure of the music teacher.